| glas, laglas, n. | ice |
| janvye, n. | January |
| jin, jun, n. | June |
| jiye, jiye, n. | July |
| jounal, n. | newspaper |
| jiye, jiye, n. | July |
| kabrit, n. | goat |
| kle, n. | key |
| kò + (pers. pr.) | -self |
| kòm, prep. | since, in as much as |
| konsèy, n. | counsel, advice |
| kontrè, lekontrè, n.; adj. | the opposite; contrary, opposed |

| | |
|------------------------------|--|
| laglas, glas, n. | ice |
| lanèj, nèj, n. | snow |
| lavalas, n. | torrential rain, flood |
| lekontrè, kontrè, adj.; n. | contrary, opposed; the opposite |
| li, v. | to read |
| limyè, lumyè, n. | light |
| loraj, loray, n. | storm, thunder |
| lumyè, limyè, n. | light |
| mas, n. | March |
| me, n. | May |
| move, movèz, adj. | bad, unpleasant |
| mulèt, n. | mule |
| nèj, lanèj, n. | snow |
| novanm, n. | November |
| o kontre, adv. | on the contrary |
| oktòb, n. | October |
| ou, out, dou, dout, daou, n. | August |
| pote, v. | to have (number of days in week, month or year) |
| pote pi mal, v. phr. | to be in worse health |
| rale kò, refl. v. | to pull out, to withdraw |
| *restavèk, n. | servant |
| rich, adj. | rich |
| richès, n. | wealth, riches |
| sechrès, n. | dry season, drought |
| septanm, n. | September |
| sezon, n. | season (of the year) |
| siklòn, n. | hurricane |
| tan, n. | weather |
| trape, atrap, atrape, v. | to catch |

* See Cultural Note.

LESSON 27

REPORTING ON THE RECONNAISSANCE PATROL

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute, pa repete:

Nou konnen deja ke solda sèvi ak zam, ak fizi, ak bal.

Yo sèvi ak anpil bagay.

Yo sèvi ak bonkou bagay.

Jodi-a nou pral aprann twa lòt bagay yo konn sèvi.

Repete. Sòlda yo konn sèvi ak grenad, ak mitrayèt ak kouto. Men tout moun konn sèvi ak kouto tou.

Yo sèvi ak bonkou bagay.

B. Substitute the following cues for *zam* in the sentence *Yo bay gad yo bonkou zam*:

CUES

fizi

bal

mitrayeùz

konsèy

grenad

provizyon

kouto

bayonèt

manje

chajeu

bwèson

monnen

STUDENTS

Yo bay gad yo bonkou fizi.

Yo bay gad yo bonkou bal.

C. Koute epi repete:

Jodi-a se...(today's day). Yè se te...(yesterday's day). Yè maten nou vi-n lekòl, men nou pa vi-n yè swa.

D. Put the following sentences in the past tense, using yè and the particle te:

PRESENT

Aswè-a, y-ap met Tijo
nan sonnen klòch.
Jodi-a, madanm nan ede
msye-a travay jaden an.
Maten an lanèj tonbe sou mòn nan.
A midi-a ti gason an pa manke bay manti.
Jodi-a tan an pa bèl dutou.
Apremidi-a va gen loraj ak lapli.
Yo koupe lumyè-a pluzieù fwa maten an.
Li fè farinaj jodi-a.
Maten an n-oblije pale ak ti-moun yo.
M pa pral andeyò jodi-a.
Aswè-a malad la pa pòte li pi mal.
Jodi-a lajounen an ap bèl.

PAST

Yè swa yo te met Tijo
nan sonnen klòch.
Yè madanm nan te ede
msye-a travay jaden an.

E. Koute epi repete:

Malad la bouke. L-ap fè yon ti dòmi. Pa pale. Nou mèt rantr wè-l san pale. Se pa pou nou fè bri. Se pou nou rantr san fè bri. Kite soulie nou yo atè deyò-a.

F. Complete the sentence *Fè medam yo rantr san...* with the following cues in final position:

CUES

fè bri
pale
di yon mo
frape pòt la
ti-moun yo

COMPLETE SENTENCES

Fè medam yo rantr san fè bri.
Fè medam yo rantr san pale.

sapat yo
 lumyè
 manyen tout bagay
 apiye
 touche tab la
 boutèy yo
 goumen

G. Koute epi repete:

Nou wè ke travay la ta pran nou de jou.
 Nou te konprann ke sa ta ka pran nou de jou.
 Yo di ke sa ta pran yo trop tan.

H. Furnish the missing final word in the sentence *Nou te konprann ke sa ta pran nou. . .on cue:*

CUES

kèk jou

yon semèn

de jou

yon grenn jounen

twa mwa

tout ane-a

uneu

lontan

anpil jou

sinkeu

de semèn

yon mwa seùlman

SENTENCES

Nou te konprann ke sa ta ka pran
 nou kèk tan.

Nou te konprann ke sa ta
 ka pran nou yon semèn.

I. Koute epi repete:

Mezanmi, nou tande nouvèl la? -Gen yon gro reken bò waf la. An-n al wè li. Tout moun ki wè bet la le yo rive di: "Mezanmi! Ala yon kokenn reken!"

J. Put *mezanmi* in front of the following sentences and pronounce them with the proper intonation:

CUES

RESPONSES

Pa bay manti kon sa non.

Mezanmi, pa bay manti kon sa non.

Nou tande sa ki rive yè swa?

Mezanmi, nou tande sa ki rive yè swa?

Li fè yon grenn lavalas nan nò semèn pase.

Yo pran lumyè-a sis fwa jodi-a.

Yo di gen yon kokenn siklòn k-ap vini sou Ayiti.

Pa rete trò pre mulèt la pou-l pa voye pye.

Li fè yon chaleu lavil la, m pa janm wè yon bagay kon sa.

Se pa yon bwèson nèg sa-a bwè.

Movè Tijo ap mande charite.

Se pa ti banboche mesye yo ap banboche.

Ala manyen nou manyen sa ki pa pou nou.

Nenpòt ki moun ka fè travay sa-a.

K. Koute pa repete:

Men yon bèf. Li an antye. Si m koupe li an deu, chak moso se yon mwatye. Alèkile, si m koupe yon mwatye an deu chak moso se yon ka bèf la. Si m bay yon ka, m gade rès bèf la pou mwen, m kenbe twaka bèf la.

L. Listen carefully to the following explanations, then answer the following questions:

EXPLANATIONS AND QUESTIONS

ANSWERS

Si m pran yon boutèy ronm

plen. Kantite m bwè-a

menm ak kantite m kite-a.

Ki kantite boutèy ronm nan m bwè?

Ou bwè mwatye boutèy ronm nan.

M gen yon bwat mayi moulin.

M divize li an 4 pati.

M pran yon pati.

Ki pati nan bwat mayi

moulin an mwen pran?

Ou pran yon ka bwat mayi moulin an.

Yon machann touye yon bèf.
 Li fè li fè 4 moso.
 Li vann 3 moso.
Ki kantite nan bèf la li vann?

Yon fi achte duri.
 Li divize li an deu pou deu jou.
Ki kantite duri-a li manje jodi-a?

Yon machann pote duri pou li vann nan mache-a.
 Li divize-l an 4 pati.
 Li vann tout.
Ki kantite duri li rete ki pa vann?

Yo bay ti Mari yon patat.
 Li gen 3 frè ak seù.
 Li divize li pou yo tout jwenn yon moso.
Konben nan patat la yo chak genyen?

Gen 3 mesye ki chita nan yon restoran.
 Yo kòmande 2 boutèy duven.
 Youn ladan di l-a bwè mwatye yon boutèy.
 Deu lòt yo divize sa ki rete-a.
Ki kantite chak lòt yo va bwè?

Yon bato rive bò waf la.
 Kèk touris desann atè.
 Gen twa fwa kantite sa-a ankò nan bato-a.
Ki kantite touris ki desann?

Jodi-a tout etudiyen yo pa la.
 Gen menm kantite etudiyen ki pa vini.
Ki kantite etudiyen ki la?

Yon manman gen 4 pitit.
 Li achte 2 boutèy koka-kola.
Konben boutèy pou li ba yo chak?

II. DIALOGUE

Reporting on the Reconnaissance Patrol

When the squad returned from going on patrol, Sgt. Sauveur was in the guardroom. He called for Cpl. Jacques who had commanded the reconnaissance patrol, and he sent him to join Lt. Maurice in the executive office of the 14th Company for him to make his report. Cpl. Jacques goes to report. He arrives at the office of Lt. Maurice.

Lt. M.: Report to me in detail how the reconnaissance patrol went. Orderly Leon, take notes.

Cpl. J.: According to instructions I received, I assembled the soldiers who were designated for the patrol, and I started the march at 1700 exactly.

Lt. M.: How many men in total?

Cpl. J.: The patrol was composed of three men and I made four. I saw that it would take us about one hour until we arrived close to the enemy's position.

Lt. M.: What weapons did you have with you?

Cpl. J.: The sergeant gave us light tommyguns with fifty rounds and four grenades to each man.

Lt. M.: That was all you had?







Cpl. J.: No, lieutenant. We had knives too so that we could have saved ourselves without making noise if we had surprised an enemy patrol.

Lt. M.: Good, that's fine. But what route did you follow?

(Sgt. Sauveur enters the office.)

Sgt. S.: Lieutenant, it's Headquarters asking for you on the radio.

Lt. M.: Very well. Say that I'm coming to take the message right away. As for you, Cpl. Jacques, stay at my disposition until I return in order to finish the report.



O Rapò

Leù eskwad la tounen sòt an patrouy, sèjan Soveù te nan sal de gad la. Li fè rele kaporal Jak ki te kòmande patrouy rekònesans la, epi li voye-l jwenn lietnan Moris nan biro ekzekitif katòzyèm konpagni-an, pou li fè rapò-l. Kaporal Jak ale o rapò. Li rive nan biro lietnan Moris.

Lt. M: Rapòte-m an detay kòman patrouy rekonesans la te pase. Odonans Leon, pran nòt.

Kap J: Selon instruksyon mwen te resevwa, m rasanble sòlda yo ki te dezigne pou patrouy la, epi m leve lamach egzakteman a sinkeù de laprèmidi.

Lt. M: Konben moun an tou?

Kap J: Patrouy la te konpoze de twa zòm avèk mwen fè kat. M te wè ke sa ta pran nou apeprè uneù pou nou rive tou pre pozisyon lenmi an.

Lt. M: Ki zam nou te genyen avèk nou?

Kap J: Sèjan an te ban nou ti mitrayèt lejè avèk senkant bal e kat grenad a chak òm.

Lt. M: Se sa seùlman nou te genyen?

Kap J: Non, mon lietnan. Nou te gen kouto tou pou nou te ka sove po nou san fè bri, si nou ta suprann yon patrouy lenmi.

Lt. M: Bon, se trè byen. Men, ki rout nou te swiv?

(Sèjan Soveù antre nan biro-a)

Sj. S: Mon lietnan, men Katye Jeneral ap mande pou ou lan radyo.

Lt. M: Bon. Reponn ke m-ap vi-n pran komunikasyon an touswit. Ou-menm, kaporal Jak, rete a ma dispozisyon jistan mwen tounen pou fini rapò-a.

Dialogue Buildup

nan sal de gad la
sèjan Soveù te nan sal de
gad la

tounen sòt an patrouy
eskwad la

Leù eskwad la tounen sòt an
patrouy, sèjan Soveù te
nan sal de gad la.

pou li fè rapò-l
katòzyèm konpagni an
nan biro ekzekutif katòzyèm
konpagni an

li voye-l jwenn lietnan Moris
ki te kòmande patrouy
rekònesans la

li fè rele kaporal Jak
Li fè rele kaporal Jak ki te
kòmande patrouy rekònesans
la, epi li voye-l jwenn
lietnan Moris nan biro
ekzekutif katòzyèm konpagni
an, pou li fè rapò-l.

o rapò
Kaporal Jak ale o rapò.

nan biro lietnan Moris
Li rive nan biro lietnan
Moris.

te pase
patrouy rekònesans la
kòman patrouy rekònesans
la te pase
an detay
rapòte-m an detay
Rapòte-m an detay kòman
patrouy rekònesans la te pase.

in the guardroom
Sgt. Sauveur was in the
guardroom

return from going on patrol
the squad

When the squad returned from
going on patrol, Sgt. Sauveur
was in the guardroom.

for him to make his report
the 14th Company
in the executive office of
the 14th Company
he sent him to join Lt. Maurice
who had commanded the
reconnaissance patrol
he called for Cpl. Jacques
He called for Cpl. Jacques who
had commanded the reconnaissance
patrol, and he sent him to join
Lt. Maurice in the executive
office of the 14th Company for
him to make his report.

to report
Cpl. Jacques goes to report.

at the office of Lt. Maurice
He arrives at the office of
Lt. Maurice.

went
the reconnaissance patrol
how the reconnaissance
patrol went
in detail
report to me in detail
Report to me in detail how
the reconnaissance patrol went.

pran nòt
òdonans
Odonans Leon, pran nòt.

take notes
orderly
Orderly Leon, take notes.

a sinkeù de laprèmidi
egzakteman
m leve lamach
epi m leve lamach egzakteman

at 1700
exactly
I started the march
and I started the march
at 1700 exactly

pou patrouy la
ki te dezigne pou patrouy la
m rasanble sòlda yo
m rasanble sòlda yo ki te
dezigne pou patrouy la
mwen te resevwa
selon instruksyon mwen te
resevwa
Selon instruksyon mwen te
resevwa, m rasanble sòlda yo
ki te dezigne pou patrouy la,
epi m leve lamach egzakteman
a sinkeù de lapremidi.

for the patrol
who were designated for the patrol
I assembled the soldiers
I assembled the soldiers
who were designated for the patrol
I received
according to instructions
I received
According to instructions I
received, I assembled the
soldiers who were designated
for the patrol and I started the
march at 1700 exactly.

an tou
Konben moun an tou?

in total
How many men in total?

fè kat
avèk mwen fè kat
twa zòm avèk mwen fè kat
patrouy la te konpoze de
Patrouy la te konpoze de
twa zòm avèk mwen fè kat.

makes four
and I make four
three men and I make four
the patrol was composed of
The patrol was composed of
three men and I made four.

pozisyon lenmi an
tou pre pozisyon lenmi an
pou nou rive tou pre
pozisyon lenmi an
apeprè uneù
sa ta pran nou apeprè uneù
m te wè
M te wè ke sa ta pran nou
apeprè uneù pou nou rive tou
pre pozisyon lenmi an.

the enemy's position
close to the enemy's position
until we arrived close to
the enemy's position
about one hour
it would take us about one hour
I saw
I saw that it would take us about
one hour until we arrived close
to the enemy's position.

avèk nou
 nou te genyen avèk nou
 Ki zam nou te genyen avèk
 nou?

a chak òm
 kat grenad a chak òm
 avèk senkant bal
 ti mitrayèt lejè
 sèjan an te ban nou
 Sèjan an te ban nou ti
 mitrayèt leje avèk senkant bal
 e kat grenad a chak òm.

nou te genyen
 sa seùlamn nou te genyen
 Se sa seùlman nou te genyen?
 Non, mon lietnan.

yon patrouy lenmi
 si nou ta suprann yon
 patrouy lenmi
 san fè bri
 pou nou te ka sove po nou

pou nou te ka sove po nou
 san fè bri
 kouto
 nou te gen kouto tou
 Nou te gen kouto tou pou
 nou te ka sove po nou
 san fè bri si nou ta
 suprann yon patrouy
 lenmi.

Bon, se trè byen.

nou te swiv
 Men, ki rout nou te swiv?

nan biro-a
 Sèjan Soveu antre nan biro-a.

with you
 you had with you
 What weapons did you have
 with you?

to each man
 four grenades to each man
 with fifty rounds
 light tommyguns
 the sergeant gave us
 The sergeant gave us light
 tommyguns with fifty rounds
 and four grenades to each man.

you had
 we had only that
 That was all you had?
 No, lieutenant.

an enemy patrol
 if we would surprise an
 enemy patrol
 without making noise
 so that we could have
 saved ourselves
 so that we could have saved
 ourselves without making noise
 knife
 we had knives too
 We had knives too so that
 we could have saved
 ourselves without making
 noise if we had surprised
 an enemy patrol.

Good, that's fine.

you followed
 But what route did you follow?

in the office
 Sgt. Sauveur enters the office.

lan radyo
ap mande pou ou lan radyo
men Katye Jeneral
Mon lietan, men Katye Jeneral
ap mande pou ou lan radyo.

on the radio
is asking for you on the radio
it's Headquarters
Lieutenant, it's Headquarters
asking for you on the radio.

Bon.

Very well.

touswit
pran komunikasyon an touswit
m-ap vi-n pran komunikasyon
an touswit
reponn
Reponn ke m-ap vi-n pran
komunikasyon an touswit

right away
take the message right away
I'm coming to take the
message right away.
answer
Say that I'm coming to take
the message right away.

pou fini rapò-a
jistan mwen tounen
a ma dispozisyon
rete a ma dispozisyon
rete a ma dispozisyon jistan
mwen tounen pou fini rapò-a
Ou-menm, kaporal Jak, rete a
ma dispozisyon jistan mwen
tounen pou fini rapò-a.

to finish the report
until I return
at my disposition
stay at my disposition
stay at my disposition until
I return to finish the report
As for you, Cpl. Jacques,
stay at my disposition until
I return to finish the report.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 27-B

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic Sentence:

Eskwad la tounen sot an patrouy.
 o rapò
 banboche
 goumen
 nan prizon
 suveye maren an
 chaje medikaman yo
 Fò Dimanch a pye
 bay yon kou d-men

Eskwad la tounen sot an patrouy.
 Eskwad la tounen sot o rapo.

2. Basic Sentence:

Li fè rele kaporal la.
 voye an patrouy
 suprann
 okupe
 dezigne
 bay instruksyon
 di laverite
 kouri

Li fè rele kaporal la.
 Li fè voye kaporal la an patrouy.

3. Basic Sentence:

Rapòte-m an detay kòman
patrouy rekonesans la te pase.
 evenman an

goumen an
 jounen an
 vakans la
 matine-a
 aksidan an
 sware-a
 tounen an

Rapòte-m an detay kòman
patrouy rekonesans la te pase.
 Rapòte-m an detay kòman
evenman an te pase.

4. Basic Sentence:

M leve la mach egzakteman
a sinkeù d-laprèmidi.
rasanble gad yo

rive nan bwa-a
lumen boukan an
ale katye jeneral
bay medikaman an
li rapò-a
kontre eskwad la
fè chèche-l

M leve la mach egzakteman
a sinkeù d-laprèmidi.
M rasanble gad yo egzakteman
a sinkeù d-laprèmidi.

5. Basic Sentence:

Patrouy la te konpoze de
twazòm avèk mwen fè kat.
sizòm ak kaporal la

dezòm ak nou deu
yon sòlda ak nou twa
nevòm ak mwen-menm
katròm ak sèjan an
yon nonm ak chèf seksyon an
deu sivil ak mwen-menm
deu gad, yon sèjan ak yon kaporal

Patrouy la te konpoze de
twazòm avèk mwen fè kat.
Patrouy la te konpoze de
sizòm ak kaporal la fè sèt.

6. Basic Sentence:

M te konprann ke sa ta pran
nou apeprè uneù.
jis

egzakteman
o kontrè
e dmi
tout
kon sa
petèt
pase

M te konprann ke sa ta pran
nou apeprè uneù.
M te konprann ke sa ta pran
nou uneù jis.

7. Basic Sentence:

Senkant bal e kat grenad a chak òm.
 ven, youn
 sensan, dis
 swasansèz, sink
 katrevendizwit, twa
 san, deu
 deusan-un, sis
 katrevenkat, neùf
 sansèz, sèt

Senkant bal e kat grenad a chak òm.
Ven bal e yon grenad a chak òm.

8. Basic Sentence:

Pou nou sove po nou-san fè bri.
 mache nan rejon an
 parèt
 promennen
 suveye lenmi
 chaje oto-a
 koupe lumyè-a
 ajiste fizi yo
 banboche

Pou nou sove po nou san fè bri.
 Pou nou mache nan rejon an san fè bri.

B. Grammar Exercises**1. Put the following sentences in the past complete, using *te*:**

CUES

M fè rapa sou patrouy
 rekonesans la a uneù.
 Sòlda yo v-al bwè dlo nan sous la.
 N-a leve la mach a minui.
 Chaleù fè mesye yo bwè bwèson anpil.
 Leù n-al an vakans andeyò nou danse souvan.
 Tonton-m gen yon bèl fizi.
 Tèks yo ban nou an gen anpil mo nou pa konnen.
 Pratik la pot monnen an tounen.
 Li apeuprè neveù e dmi du maten.
 Katye jeneral a pran komunikasyon an egzakteman a dizeù.
 Kaporal la dezigne tou sa ki pou ale yo.
 Siklòn nan pase an Ayiti.

STUDENTS

M te fè rapa sou patrouy
 rekonesans la a uneù.
 Sòlda yo t-al bwè dlo nan sous la.

2. Add *fèt pou* or *dwe* to the following sentences, according to their meaning.

SENTENCES

Nou tande sa gran moun di nou.
 Li pa fè bri pou yo pa wè li.
 Prizon pran moun ki pa bon.
 Ti-moun yo manje sa yo, jwenn.
 Etudiyen yo pale panyòl, franse ak kreyòl.
 Se malad ki pran medikaman.
 Ponpie yo tuye dufeu tou patou.
 Nou tout renmen metye n-ap fè-a.
 Tout moun pran yon bengn chak jou.
 Solèy la leve tou le maten.
 Odonans la oküpe tout afè lietnan an.
 Chèf de patrouy la rapòte sa ki pase.

SENTENCES WITH *fèt pou* or *dwe*

Nou fèt pou tande sa gran moun di nou.
 Li pa dwe fè bri pou yo pa wè li.

3. Complete the following sentences with the cues. Make the necessary changes.

CUES

Nou manje yon poul. (a whole)
 Pratik la mande yon pyas pou ti poul la (1 1/4)
 M te rete lavil. (3/4 hour)
 Profeseü yo gen uneü pou yo manje. (half an hour)
 Ti gason an manje yon poul. (1 1/2)
 Mezanmi, msye ap tann depi uneü. (1/4 hour)
 Yo mande-m twa pyas pou medikaman an. (3 3/4 piastre)
 Makdonal bay gason an achte yon kabrit pou li. (a whole)
 Libreri-a vann ti liv sa yo yon pyas. (3/4 piastre)
 Nou li liv la. (half)
 Ou gen de goud ban mwen? (2 1/2 gourdes)
 Eskwad la tounen depi uneü. (1 1/4 hour)

STUDENTS

Nou manje yon poul antye.
 (or) Nou manje yon poul an antye.
 Pratik la mande yon pyas e ka pou ti poul la.

4. Substitute *mwen* in the following sentence with the given cues. Make the necessary changes.

Se pou m-okupe tèt mwen pou-m pa malad.

CUES

ti-moun yo

Sese

ou

chofeù nou an

etudiyàn yo

nou aveùg la adonans la mwen nou tout Makdonal

ou

STUDENTS

Se pou ti-moun yo okupe tèt
yo pou yo pa malad.

Se pou Sese okupe tèt li
pou li pa malad.

5. Substitute the first word of the following sentence with the cues and make the necessary changes:

Nou te sove po nou san fè bri.

CUES

msye yo

patrouy la

ploton an

kwafeù-a

sòlda yo

mwen

ou

chèf seksyon an

eskwad la

pòv la

gad yo

STUDENTS

Msyè yo te sove po yo san fè bri.

Patrouy la te sove po li san fè bri.

C. Directed Statements and Questions

1. Say that the medicine did not arrive before Sunday evening.
2. Ask if headquarters had received the communication early this morning.
3. Say that the enemy has lost about half of the soldiers in that section.
4. Say that a little sickness cannot prevent someone from working.
5. Ask how many men exactly are fighting in the area.
6. Say that you will need him to give a hand tomorrow evening at the party.
7. Ask if the month of January has ever brought any snow in Haiti.
8. Ask if I think it is important or necessary to keep the children at home.
9. Say that he arrived Wednesday morning and stayed all day with you.
10. Say that it took the boss a whole week to finish the job.

IV. LEKTU

Lasante

Yon moun ki pa gen lasante se yon moun malad. Lasante se yon bagay ki enpòtan anpil nan lavi yon moun. Si ou pa gen lasante, ou pa ka travay, paske ou pa gin fòs pou fè anyen. Pa nou pa kite nou malad. N-a gen traka. Se pou nou proteje tèt nou. Nou fèt pou nou pran prekosyon pou nou pa malad.

Men, si nou malad, se pou n-al kay dokteù. Se sa k-a pèmèt li sove lavi nou. Se **dokteù** ki ede moun, leù yo malad, ak medikaman li ba yo. Se li ki ede yo proteje sante yo.

Maladi se pi move bagay ki gen sou latè. Se yon sous mizè pou lèzom sou tè-a. Si nou pran anpil prekosyon, n-a sove twa ka nan vi nou. Li pi fasil pou nou pran prekosyon anvan pase apre. Gen yon provèb ki di: "Maladi vi-n sou chwal, men l-ale a pye." Sa vle di ke maladi antre rapid, men li pran anpil jou pou li kite malad la. Alèkile kòm gen avyon, se pou nou di: "Maladi vi-n an avyon, men l-ale a pye." Pi bon leù pou yon moun okupe tèt li, se leù li pa malad, leù li an sante. Pa tann maladi-a fi-n rive pou ou kòmanse pran prekosyon.

Dokteù yo toujou ape di: "Yon santim prekosyon pi bon pase mil dola medikaman." Se sa-k fè gran moun toujou di se pou ou manje e domi byen. Gen moun ki di ke si ou bwè yon kokoye antye chak maten, sa ede ou rete an bòn sante.

Mezanmi, se pa manti m-ap bay. Tou sa m di la-a se laverite. N-a viv lontan, n-a viv jistan nou vye si nou koute konsèy mwèn. Pa kite tro ta bare nou. Si nou pa koute mwèn, leù n-a wè klè, l-a tro ta.

Kestyon

1. Kòman yon moun ki pa gen lasante ye?
2. Lasante pa yon bagay ki enpòtan?
3. Ki sa yon moun bezwen pou li travay byen?
4. Yon moun malad gen fòs?
5. Ki sa li ka fè?

6. Yon moun ka proteje tèt li pou maladi pa antre?
7. Tout moun fèt pou pran prekosyon?
8. Si yon moun malad, ki sa pou-l fè?
9. Dokteù ka sove lavi moun?
10. Ki sa dokteù bãy yon malad pou ede li?

11. Ki sa ki yon sous mizè pou lèzam sou latè?
12. Ki leù pou yon moun pran prekosyon, avan ou apre li malad?
13. Pou ki sa li pa ka pran prekosyon apre?
14. Ki sa provèb la di sou maladi?
15. Ki sa dokteù yo konn ap di?

16. Ki sa ou pito mil santim ou yon dola?
17. Konbyen mil santim fè?
18. Ou malad ou byen ou an sante?
19. Ki maladi ou genyen?
20. Si yon moun domi ak manje byen, li va rete an sante?

21. Ki sa yo di li bon pou yon moun bwè chak maten?
22. Leù ou bwè yon kokoye chak jou, sa li fè pou ou?
23. Ou bwè yon kokoye tou le jou?
24. Ou konn bay manti?
25. Si sa yon moun di pa manti, ki sa li ye?

26. Pou ki sa yo di pa yon moun toujou di laverite?
27. Si yon moun gen 90 an, se jeùn moun?
28. Si yon moun pa jeùn, ki sa li ye?
29. Leù m pale ak nou, nou koute mwen?
30. Eske ou ap kite tro ta bare ou pou kreyòl la?

V. GRAMMAR AND CULTURAL NOTES

A. Fractions. In Creole, major fractions are expressed as follows:

1/4 = yon ka (one fourth)

1/2 = demi (before a noun), e demi (after a noun)

3/4 = twa ka (three fourths)

In certain regions people say *twa ka pyas* (3/4 piastre) for 75 kòb (\$.15), and *yon ka pyas* for 25 kòb (\$.05). But they never say *demi pyas* for 50 kòb (\$.10). *Pyas* is another word for *goud*.

In some other regions the word for 25 kòb (\$.05) is *goudin*, and people would say *yon goudin*, *de goudin*, *twa goudin* for *yon ka pyas*, *senkant kòb* and *twa ka pyas* respectively.

B. French Definite Articles. Some of these are still in use, without having displaced the Creole article. They may be written separate from the noun but are usually joined to it, to form one new word.

| | | |
|------|------------------------|-----------------------|
| vi | la-vi lavi (life) | lavi-a (the life) |
| mè | lan-mè lanmè (sea), | lanmè-a (the sea) |
| ekòl | l-ekòl lekòl (school), | lekòl la (the school) |
| zòt | le-zòt lezòt (others), | lezòt yo (the others) |

C. Fèt pou and dwe. Both express obligation and are often used interchangeably. *Fèt pou* (lit. 'made for' or 'born for') should be used only when the obligation is a natural one and not simply conventional.

Ti-moun dwe koute konsèy gran moun.

Ti moun fèt pou koute konsèy gran moun.

(Children must listen to the advice of adults.)

D. Sèvi (ak)

Sèvi means 'to serve', 'to use'. Sometimes it is followed by *ak*. In that case it means only 'to use'.

Anaiz sèvi Makdonal.

Anaise serves MacDonald.

M sèvi mato-a.

I use the hammer.

(or) M sèvi ak mato-a.

I use the hammer.

E. Bay s.o. + v.

The verb has been introduced with the meaning 'to give'. When used as an auxiliary verb with an indirect object between it and the main verb, it has the meaning 'to have'.

M ba ou sigarèt

I give you some cigarettes.

M ba ou achte sigarèt.

I have you buy some cigarettes.

VI. VOCABULARY

| | |
|------------------------|--------------------------------------|
| antye, adj. | whole, entire |
| an tou, adj.; adv. | in all, in total |
| apeuprè, apeprè, adv. | more or less, about, close to |
| atè, adv. | down, on the ground, on the floor |
| bare, v. | to catch |
| bonkou, bon kou, adv. | much, a lot, a great deal |
| bri, n. | noise |
| detay, n. | detail |
| deziyne, deziyen, v. | to designate, to select |
| divize, v. | to divide, to separate, to split |
| egzekitif, adj. | executive |
| eskwad, n. | squad, section |
| fèt pou, aux. v. phr. | must |
| grenad, n. | grenade |
| enpòtan, adj. | important |
| ka, n. | quart, fourth (1/4) |
| katye jeneral, n. phr. | headquarters |
| klè, adj.; adv. | clear; clearly |
| kòmande, v. | to command, to give orders, to order |
| komunikasyon, n. | communication |
| konpoze, v.; adj. | to compose; composed of |
| kouto, n. | knife |
| lamizè, mizè, n. | misery |
| lasante, sante, n. | health |
| laverite, verite, n. | truth |
| lavi, vi, n. | life |
| lejè, adj. | light |
| lenmi, n. | enemy |
| leve lamach, v. phr. | to begin walking |
| maladi, n. | illness, sickness |
| medikaman, n. | medicine, drugs |

| | |
|---|--|
| mezanmi, excl.; n. mize, lamizè, n. mwatye, n. | O Lord!; my friends misery half |
| nòt, n. | note |
| òdonans, n. okupe, v. | orderly to take care of |
| patrouy, n. pèdu, pèdiv.; adj. pyas, n. po, n. prekosyon, n. proteje, v. | patrol to lose; to be lost piastre (another name for gourde) skin precaution to protect |
| rapò, n. rapòte, v. rasanble, v. | report to report, to relate to muster, to gather, to reassemble, to bring together |
| rekonesans, n. | reconnaissance, reconnoitering |
| sal de gad, n. phr. sante, lasante, n. sous, n. suprann, v. | guardroom health source, spring to take by surprise, to surprise |
| tèt + pers. pr. | oneself |
| verite, laverite, n. vi, lavi, n. vye, adj. viv, v. voye pye, v. phr. | truth life old, worthless, crooked to live to kick |
| yè, n. | yesterday |

Proverbs

Maladi vi-n sou chwal, men l-ale a pye.

Yon santim prekosyon pi bon pase mil dola medikaman.

LESSON 28

A TOUR DOWNTOWN

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Lè Ti Andre fi-n di sa-l wè, tout moun kwè, tout moun pran, sòf Tijo ki konnen ke Ti Andre renmen bay manti. Sa vle di ke se Tijo sèl ki pa kwè sa Ti Andre di-a.

Repete: Tout moun kwè Ti Andre, sòf Tijo.

B. Replace the period with a comma and add *sòf* plus the given cue:

SENTENCES AND CUES

Tout moun te ale nan patrouy.
(mwen-menm)
Nou rive sou rout la.
(eskwad la)

ENLARGED SENTENCES

Tout moun te ale nan patrouy
sòf mwen-menm.
Nou rive sou rout, la.
sòf eskwad la.

Yo pran medikaman yo tou le jou. (yè)
Nou tout nou di laverite. (Ti Andre)
Rivyè tou patou bay anpil dlo. (an Ayiti)
Tout sòlda pote grenad yo. (Asèn)
Tout moun ap pran prekosyon yo. (ou-menm)
Patrouy la pran tout zam li bezwen. (kouto)
Tout mwa pote 30 ou 31 jou. (Fevrye)
Tou le jou li fè farinaj. (jodi-a)
Tout moun fè rapò yo katye jeneral. (kaporal la)
Nou jwenn komunikasyon ak tou patou. (sal de gad la)

C. Koute pa repete:

Mezanmi koute. Ou ta di ke se bri pye yon moun kap mache deyò-a.
-Men wi, on dirè se vre. On dirè m tandè bri pye yon moun kap mache. Rete
trankil; pa fè bri pou nou ka tandè.

Repete: On dirè bri pye yon moun k-ap mache deyò-a.

D. Replace *Se tankou si* with *On dirè* in the following sentences:

SENTENCES

RESPONSES

Se tankou si medikaman an
pa fè anyen pou malad la.

On dirè medikaman an
pa fè anyen pou malad la.

Se tankou si komunikasyon an koupe.

On dirè komunikasyon an koupe.

Se tankou si tan an pa bon dutou.

Se tankou si lapli ap tonbe.

Se tankou si nou nan yon move bagay.

Se tankou si loraj la tonbe sou yon pye bwa.

Se tankou si sòlda yo rasanble nan sal de gad la.

Se tankou si kaporal la pa fè yon bon rapò.

Se tankou si se sa jounal la di.

Se tankou si yo koupe lumyè-a.

Se tankou si Ti Andre ap bay yon lòt manti.

Se tankou si li pa la.

E. Koute pa repete:

Si m gen yon gro travay pou-m fè, m pa ka fè tout yon grenn jou. M ka fè yon
moso, yon bout travay-la chak jou. M ka di: Bout pou bout m-a fi-n fè travay la.
Sa vle di, piti, piti m-a rive fi-n fè travay la. Men lè travay la fi-n fèt, m ka di tou:
Bout pou bout travay la fini. Sa vle di,: Anfen, travay la fini.

Repete: Bout pou bout travay la fini.
Anfen travay la fini

F. Replace *anfen* with *bout pou bout* in the following sentences:

SENTENCES

Anfen n-a rive kote nou prale-a.

Anfen kat je kontre manti kaba.

Anfen li di-m an detay sa ki te pase.

Anfen eskwad la tounen sot nan patrouy.

Anfen medikaman an fè yon bagay pou malad la.

Anfen malad la repoze li.

Anfen yo rive bay bonkou manje.

Anfen yo fè lenmi yo rale kò yo.

Anfen li di nou la verite.

Anfen nou fi-n fè tout travay ou te ban nou yo.

Anfen Gabi jwenn yon ti djòb nan Bisantnè-a.

Anfen mulèt la kite yo chaje li.

RESPONSES

Bout pou bout n-a rive kote nou prale-a.

Bout pou bout kat je kontre manti kaba.

G. Koute pa repete:

Lòt jou te gen yon ti gason ki t-ap kouri ak yon boutèy kola plen nan men ni. Li tonbe epi boutèy kola-a pete nan men ni. Lè moun ki t-ap pase yo wè sa ki rive, yo pete rele.

Repete:

Moun ki t-ap pase yo pete rele.

Lè moun tande sa, yo pete yon kous kouri pou al gade.

H. Complete the following sentences with *pete yon kous kouri*:

SENTENCES

Leù yo wè lenmi ap mache sou yo...
 Kou dokteù a di malad la li pral mete kouto sou li...
 Kou ti-moun yo tande bri-a nan lakou-a...
 Lèm rive bò rivyè-a...
 Lè nou wè chwal la sove...
 Kou lapli kòmanse tonbe, li...
 Kou yo pran lumyè-a, Ti Mari...
 Leù mwen wè chen an ap vi-n sou mwen...
 Lè medam yo wè mesye yo ap vi-n jwenn yo...
 Kou gad la baskule fizi-a, nèg la...

COMPLETIONS

Leù yo wè lenmi ap mache sou yo, yo pete yon kous kouri.
 Kou dokteù-a di malad la li pral mete kouto so li, pete yon kous kouri.

I. Koute pa repete:

Mwen pa gen anyen pou-m fè, e fè cho nan kay la. Gen yon bon ti van k-ap vante deyò-a. M pral pran yon ti van sou galri-a. Kòm gen yon plas devan legliz la, e ke plas la pa lwen, m ka al pran van sou plas legliz la pito.

Repete: M-al pran van sou plas legliz la. Nou tav-al pran yon ti van sou galri-a.

J. Insert *al pran van* in the following incomplete sentences:

INCOMPLETE

Msye-a . . . sou plas legliz la.
 Patrouy la . . . bò katye jeneral la.
 Twa ka eskwad la . . . sou waf la.
 Makdonal . . . nan lakou otèl la.
 Sekretè kolonèl la . . . bò lanmè-a.
 Maren ki fèk debake-a . . . Boutilye.

COMPLETE

Msye-a al pran van sou plas legliz la.
 Patrouy la al pran van bò katye jeneral la.

Mesye ak medam yo . . . sou plas Petyonvil la.
 Zanmi-m nan . . . Kwa de Boukè-a.
 Kanmarad ou-a . . . nan avyasyon an.
 Ti gason an . . . sou branch pye bwa-a.
 Abitan ki desann lavil la . . . sou galri magazen ou nan.
 Fanm ou te wè-a . . . bò rivyè la.

K. Koute pa repete:

Gen yon nèg ki tue yon moun nan yon magazen. Kou li sòti nan magazen an, li vire kwen an. Kon sa yon gad vi-n fè patrouy nan ru-a. Gad la manke kenbe asasen an.

M t-apral O Kap yè. Tout afè-m te fi-n nan valiz mwen, men mwen resevwa yon lèt yon zanmi mwen ki di-m l-ap vi-n jodi-a. M pa kapab ale ankò. Men m kapab di ke m manke al O Kap yè.

Repete: Gad la manke kenbe asasen an.
 M manke al O Kap yè.

L Insert the auxiliary *manke* in the following sentences to indicate that the action was almost done:

SENTENCES

M kòmande patrouy la.
 Zanmi-m nan tounen trò ta
 Lietnan an dezigne nou pou patrouy la.
 Yè gad la te suprann nèg k-ap tue moun yo.
 Chofèu-a tue yon kabrit sou rout la.
 Nou al pronmnen sou mòn nan.
 Medam yo bat ti gason an.
 Kolonèl la wè kaporal la k-ap dòmi nan sal de gad la.
 Nèg an ranyon yo antre nan magazen yo.
 Li mele kola ak duven ni an.
 Yo wete kò yo nan lame-a.
 Madanm nan fèmin ti-moun yo nan kay la.

RESPONSES

M manke kòmande patrouy la.
 Zanmi-m nan manke tounen trò ta.

II. DIALOGUE

A Tour Downtown

MacDonald is in the lobby of the hotel. He is talking to the driver who came to pick him up and go out with him. But he would prefer to walk. The driver discourages him.

Driver: Oh, Good morning, Mr. MacDonald. You've already come downstairs!
MacDonald: Of course, my friend. I'm a man who likes to get up early.

Driver: What'll you do today?
MacDonald: I'd like to go and see all the interesting places in Port-au-Prince.

Driver: Well, you can go to see the Champ de Mars, the Palais National, the Statue of Le Marron Inconnu across from the White House, the Cathedral Sainte-Trinite.

MacDonald: People told me that I must also see the Bicentenaire, the Croix des Bossales Market and the Marche en Fer.








Driver: Yes, you must see all those places. I'll take you everywhere....
MacDonald: But, I don't intend to go with you. I want to go on foot.

Driver: You won't be able to cover all that distance on foot. I think it's better if you go by car.

MacDonald: I prefer to go on foot. It's more interesting.

Driver: The sun is very hot today. Be careful that it doesn't burn you!

MacDonald: Don't worry! I'm not afraid of the sun. I was born in California where there is a lot of sun.



Yon tounen anba lavil

Makdonal nan sal resepsyon otèl la. L-ap pale ak chofèu ki vi-n chèche-l pou sòti avè-l. Men li ta vle sòti a pye. Chofèu-a dekouraje-l.

Chofèu: O! Bonjou msye Makdonal. Ou desann deja!

Makdonal: Men wi, monchè. M se nèg ki renmen leve boneu.

Chofèu: Sa ou ap fè jodi-a?

Makdonal: M ta vle ale wè tout kote ki interesan nan Pòtoprens.

Chofèu: En ben, ou ka al wè Chan d-Mas, Palè Nasyonal, statu neg marron an fas palè-a, Katedral Sent Trinite.

Makdonal: Yo di-m fò m-al wè Bisantnè, Mache Kwa Bosal ak Mache an Fè-a tou.

Chofèu: Wi, fò ou al wè tout kote sa yo. M-a mennen ou tou patou...

Makdonal: Men, m pa gen lide ale ak ou. M vle soti a pye.

Chofèu: Ou p-ap ka fè tout rout sa yo a pye. M kwè li pi bon si ou al an oto.

Makdonal: M pito ale a pye. Li pi interesan.

Chofèu: Solèy la cho anpil wi jodi-a. Piga-l boule ou!

Makdonal: Pa inkyete ou! M pa peù solèy. M fèt an Kalifòni, kote ki gen anpil solèy.

Dialogue Buildup

| | |
|---|--|
| sal resepsyon otèl la Makdonal nan sal resepsyon otèl la. | the lobby of the hotel MacDonald is in the lobby of the hotel. |
| pou sòti ak li ki vi-n chèche-l pou sòti ak li l-ap pale ak chofeù-a L-ap pale ak chofeù-a ki vi-n chèche-l pou sòti ak li. | to go out with him who came to pick him up to go out with him he is talking to the driver He is talking to the driver who came to pick him up and go out with him. |
| a pye sòti a pye li ta vle sòti a pye Men, li ta vle sòti a pye. | on foot to go out on foot he would like to walk But he would prefer to walk. |
| Chofeù-a dekouraje-l. | The driver discourages him. |
| O! Bonjou msye Makdonal. | Oh! Good morning, Mr. MacDonald. |
| ou desann Ou desann deja! | you come down You've already come downstairs! |
| Men wi, monchè | Of course, my friend. |
| leve boneù ki renmen leve boneù M se nèg ki renmen leve boneù | to get up early who likes to get up early I'm a man who likes to get up early. |
| Sa ou ap fè jodi-a? | What'll you do today? |
| nan Pòtoprens tout kote ki interesan nan Pòtoprens ale wè m ta vle ale wè M-ta vle ale wè tout kote ki interesan nan Pòtoprens. | in Port-au-Prince all the interesting places in Port-au-Prince to go and see I would like to go and see I would like to go and see all the interesting places in Port-au-Prince. |

Katedral Sent Trinite

palè-a
an fas palè-a
Le Maron Inkonu

statu neg maron
an fas palè-a
Palè Nasyonal
Chan d-Mas
ou ka al wè
En ben, ou ka al wè
Chan d-Mas, Palè Nasyonal,
statu neg maron an
fas palè-a, Katedral Sent
Trinite.

Mache an Fè
Mache Kwa Bosal
Bisantrè

fò m-al wè
yo di-m pa m-al wè
Yo di-m pa m-al wè Bisantrè,
Mache Kwa Bosal ak Mache
an Fè tou.

tout kote sa yo
Wi, pa ou al wè tout kote sayo

the Cathedral Sainte-Trinite
(Holy Trinity)
the palace, the white house
across from the white house
Le Marron Inconnu (The
Unknown Runaway Slave)
the Statue of Le Marron Inconnu
across from the White House
Palais National (The National Palace)
Champ de Mars
you can go to see
Well, you can go to see the Champ de
Mars, the Palais National, the
Statue of Le Marron Inconnu
across from the White House, the
Cathedral Sainte Trinite.

the Marche en Fer (Iron Market)
the Croix des Bossales Market
Bicentenaire, part of Port-
au-Prince which houses
buildings constructed for
an exhibition for the
Bicentennial of Port-au-
Prince

I must see
they told me that I must see
People told me that I must also see
the Bicentenaire, the Croix des
Bossales Market and the
Marche en Fer.

all those places
Yes, you must see all those places.

tou patou
M-a mennen ou tou patou.

everywhere
I'll take you everywhere.

ale ak ou
Men, m pa gen lide ale ak ou.

to go with you
But, I don't intend to go with you.

a ple
M vle soti a pye.

on foot
I want to go on foot.

tout rout sa yo a pye
Ou p-ap ka fè tout rout sa yo a pye.

all that distance on foot
You won't be able to cover
all that distance on foot.

an oto
si ou al an oto
li pi bon si ou al an oto
M kwè li pi bon si wal an oto.

by car
if you go by car
it's better if you go by car
I think it's better if you go by car.

M pito ale a pye.

I prefer to go by foot.

Li pi interesan.

It's more interesting.

jodi-a
Solèy la cho anpil wi, jodi-a

today
The sun is very hot today.

boule ou
Piga-l boule ou!

to burn you
Be careful that it doesn't burn you.

Pa inkyete ou!
M pa peù solèy.

Don't worry!
I'm not afraid of the sun.

anpil solèy
kote ki gen anpil solèy
m fèt an Kalifani
M fèt an Kalifani, kote
ki gen anpil solèy.

lot of sun
a place that has a lot of sun
I was born in California
I was born in California where
there is a lot of sun.

Homework

Write a composition on *A Trip Downtown* for use in class tomorrow.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 28-B

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic sentence:

Mwen se yon nonm ki
renmen leve boneù.
ale nan kabann mwen
boneù
leve ta
fè yon ti vire a pye le maten
rete chita lakay
bay odyans
domi boneù

Mwen se yon nonm ki renmen
leve bòneù.
Mwen se yon nonm ki renmen
ale nan kabann mwen boneù.

2. Basic sentence:

M ta vle ale wè anpil
kote nan Pòtoprens.
Bisantnè
Palè Nasyonal
mache Kwa Bosal
Teat de Vèdu
Mache an Fè
Palè Lejislatif
waf la
katedral Sent Trinite
statu neg maron
Chan d-Mas
tout kote ki interesan nan Pòtoprens

M ta vle wè anpil kote
nan Pòtoprens.
M ta vle ale wè Bisantne.

3. Basic sentence:

Piga solèy la boule ou!
 chen an kouri dèyè ou
 reken yo manje ou
 moun pale ou mal
 ou bay manti
 ti bway la vòlè ou
 oto yo pase sou ou
 nou pèdu fòs nou

Piga solèy la boule ou!
 Piga chen an kouri dèyè ou!

4. Basic sentence:

Mwen fèt an Kalifani.
 O Zetazini
 nan Zantiy yo
 Lamatinik
 La Gwadeloup
 an Ayiti
 Kuba
 an Dominikani
 O Meksik
 nan il sa-a
 O Kanada

Mwen fèt an Kalifoni.
 Mwen fèt O Zetazini.

5. Basic sentence:

Ou ka al wè Chan d-Mas.
 kazeno-a
 legliz protestan yo
 lavil la
 Palè Lejislatif la
 chan mayi mwen an
 Teat de Vèdu
 sal de resepsyon an
 katye jeneral la
 boukan an
 statu neg maron an

Ou ka al wè Chan d-Mas.
 Ou ka al wè kazeno-a.

6. Basic sentence:

Yo di-m pa m-al wè Kwa Bosal.
touris yo

misionè-a
nou
mwen
Makdonal
pratik la
militè yo
maren an
nou
ameriken yo
blan an

Yo di-m fò m-al wè Kwa Bosal.
Yo di touris yo pa y-al wè
Kwa Bosal.

7. Basic sentence:

M pa gen lide ale ak ou.
bwè kokoye-a
li liv istwa-a
ale ak chofeù-a
manje jodi-a
ale an oto
dòmi ak Jan
rekòmanse travay la
ale Bisantnè
vizite Mache an Fè-a
pran baton mwen
ale a pye

M pa gen lide ale ak ou.
M pa gen lide bwè kokoye-a.

8. Basic sentence:

Solèy la cho anpil wi
 jodi-a.
 ou manje
 kabrit chè
 manje-a boule
 m dekouraje
 pitit ou-a li
 nou inkyete nou
 ti-moun yo danse
 ravi-n nan debòde
 malad la esoufle
 van an soufle
 nou naje

Solèy la cho anpil wi
 jodi-a.
Ou manje anpil wi jodi-a.

9. Basic sentence:

Pa inkyete ou, m pa peù solèy.
 n-a jwenn poul la
 gason an va pote-l demen
 msye yo pap dekouraje
 etudiyen yo gen bonkou liv kreyòl
 pwason yo rive dela
 solèy la pa cho
 lapli pap tonbe
 larivyè-a pap debòde
 nou pa kapon
 dokteù-a ap vi-n touswit
 m-a dòmi atè-a

Pa inkyete ou, m pa peù solèy
 Pa inkyete ou, n-a jwenn poul la.

B. Grammar Exercises

1. Answer the following questions in the affirmative and then in the negative:

QUESTIONS

Ou poko manje?

Bòn nan fè kabann nan?

Solèy la leve?

Touris la vizite Bisantnè deja?

Mesye yo rekòmanse fè egzèsis?

Chèf seksyon an kenbe ti bway la?

Briz la leve?

Pitit Sese-a fèt?

Odonans la pran nòt pou lietnan an?

Kaporal la rasamble patrouy la?

Katye jeneral pran komunikasyon an?

Nou nan mwatye rout la?

RESPONSES

Wi, m manje deja.

Non, m poko manje.

Wi, li fè kabann nan deja.

Non, li poko fè kabann nan.

2. Put the following sentences in the negative, using the pattern

... pa ... pi ... pase sa:

AFFIRMATIVE

M rete lwen.

Sechrès la rèd ane sa-a

Ti-moun yo prese rive lekòl. .

Pitit ou yo dòmi.

Nou repoze nou yè maten.

Ladwann nan yo verifiye bagay yo.

Kay la gen yon bèl roteù.

Mesye sa yo gen lespri.

Nou konn istwa peyi-a.

Gad la suveye nèg la.

Ou gen rezon.

Lalign nan chaje koulyè-a.

NEGATIVE

M pa rete pi lwen pase sa.

Sechrès la pa pi rèd pase sa ane sa-a.

3. Add *manke* to the following sentences:

CUES

Sèjan an pa tounen sòt an patrouy.

Kontroleù-a wè ronm
nan nan valiz mwen.

Semèn pase-a n-al O Kap.

Chofeù lalign lan pase sou madanm nan.

Lougarou pran nèg la.

Chèf seksyon an pa kenbe asasen an.

Msye-a boule kay la ak sigarèt la.

Siklòn nan pase sou Ayiti.

Ti-moun yo pa rive legliz la.

Papa-m pèdu lavi-l nan bagay sa-a.

Ti fi-a kenbe chwal la.

Chat la manje vyann ki sou tab la.

STUDENTS

Sèjan an manke pa tounen sot an
patrouy.

Kontroleù-a manke wè ronm
nan nan valiz mwen.

4. Make complete sentences with *sòf* and the following pairs of sentences.

SENTENCES

Tout ti-moun yo manje.

Pitit fi ou la pa manje.

Nou dakò. Ou-menm
ou pa dakò.

Pèsonn pa janm kontan.

Tijo kontan.

Leù nou tande bri-a tout moun kouri.

M pa kouri.

Yo mete ti msye yo nan prizon.

Yo pa mete pitit Sese-a.

Yo tout monte abò.

Sa ki te peù yo pa monte.

Touris yo pase ka Ja-n Babankou.

Makdonal pa pase.

Pèsonn pa achte likeù.

Mwen-menm m-achte likeù.

Tout moun pral fè vakans Kenskòf.

Andre pa prale.

Tout moun esoufle.

Anplwaye Pann Amerikann nan pa esoufle.

Nou tout t-al pran van sou galri-a.

Manman-m pa t-ale.

SENTENCES WITH *sòf*

Tout ti-moun yo manje sòf
pitit fi ou la.

Nou daka sòf ou-menm.

5. Give commands using *piga* with the following cues

CUES

Ti-moun yo ap jwe nan tè-a
 Li rekòmanse fè bri nan tèt mwen.
 Anita ap dekouraje Mari.
 Ti gason an kenbe dife-a ak men ni.
 Mesye yo ap bay manti la-a.
 Ti fi-a pran dlo nan rivyè-a a leù sa-a.
 Yo kite malad la leve.
 Ti mesye yo ap goumen ak kouto.
 Pòl dòmi atè-a.
 Nou pral andeyò aswè-a.
 Ti gason an ap bwè ronm la-a.
 Ou kole zepòl ou sou mwen.

COMMANDS WITH *piga*

Piga jwe nan tè-a, ti-moun
Piga rekòmanse fè bri nan tèt mwen.

C. Translation

- | | |
|---|--|
| <p>1. I discouraged the man from visiting a lot of places.</p> <p>2. As for getting up early, she's a woman who loves it.</p> <p>3. In Port-au-Prince itself you can visit the Legislative Palace, National Palace, Croix des Bossales Market, all those places.</p> <p>4. Watch out that the sun doesn't burn you!</p> <p>5. I'm from California, and, I'm not afraid of the sun.</p> <p>6. Finally he arrived on the top of the mountain out of breath.</p> <p>7. I intend to go to Haiti to spend my vacation.</p> <p>8. Do you need something?</p> <p>9. If you're a coward, don't come with us.</p> <p>10. The men are reading an interesting book on Haite.</p> | <p>M dekouraje nonm nan ale wè anpil kote.</p> <p>Ala boneù, madanm nan renmen leve boneù!</p> <p>Nan Pòtoprens menm ou kab vizite Palè Lejislatif, Palè Nasyonal, mache Kwa Bosal, tout kote sa yo.</p> <p>Piga solèy la boule ou!</p> <p>Mwen fèt an Kalifani e m pa peù solèy.</p> <p>Bout pou bout, (anfen) li rive anro man nan esoufle.</p> <p>M gen lide ale an Ayiti pou pase vakans.</p> <p>Ou bezwen kichòy? (yon bagay?)</p> <p>Si ou kapon, pa (piga) vi-n ak nou.</p> <p>Msyè yo ap li yon liv interesan sou Ayiti.</p> |
|---|--|

IV. LEKTU

"Larouze fè banda tout tan solèy pa leve."

Te genyen yon nèg O Kap ki te gen reputasyon nèg ki brav anpil. Tout moun te kwè sa sòf madanm ni ki te konnen ke msye te kapon tankou chat. Nou konnen, 'Sa ki dòmi ak Jan, se li ki konn ronf Jan.'

Gen yon swa, chaleu mwa d-ou te fi-n debòde nan peyi-a. Msye ale pran van sou plas katedral O Kap. Vè uneu du maten kon sa, ti briz kòmanse vante. Msye decide tounen lakay li pou al dòmi. Li pa te rete pi lwen pase sa. Se anba ravi-n nan kay li ye.

Msye te toujou gen yon baton chaplèt nan men ni. Atò, pandan l-ap mache pou li ale lakay li-a, li tande tankou yon bri dèyè li. Li vire li pa wè pèsonn; li tounen, li pa wè pèsonn. Li kontinue mache, men, bri-a te la toujou. On dirè yon moun k-ap mache dèyè li. Kou li rete, bri-a rete tou. Kou li rekòmanse mache, bri-a rekòmanse fèt ankò. Epi, se kon sa lapeu pran ni. Alò, li voye yon kou d-baton, vlip! Li voye yon lòt kou d-baton ankò vlip! O, O! Se van ki trape kou d-baton yo. Bout pou bout, lapeu pran msye tout bon, li pete yon kous kouri. Li kouri, li kouri, li kouri, li kouri, li kouri, li kouri. Leu li rive lakay li, madanm ni mande-l sa ki fè li esoufle kon sa. Li di se yon lougarou ki manke kenbe li. Provèb la di vre: 'Larouze fè banda tout tan solèy pa leve.'

Notes on the Reading

Pete.

Literally 'to explode'. Here it indicates the suddenness with which our hero started to run.

Kous kouri. 'A race being run'.

This phrase, together with *pete* and the subsequent repetition of *kouri*, is used to convey more vividly the action of running.

Lougarou.

Supernatural being that takes the form of an animal and devours people at night.

Kestyon

1. Ki reputasyon nèg la genyen?
2. Tout moun kwè ke li brav?
3. Madanm ni kwè ke li brav tankou chen?
4. Ki mwa li te ye?
5. Sa ki fi-n debòde nan peyi-a?

6. Pou ki sa msye-a sòti lakay li?
7. Ki kote li ale pou pran van?
8. A ki leù ti briz te kòmanse ap vante?
9. Ki sa msye deside leù sa-a?
10. Lakay li te lwen ak plas katedral la?

11. Li te rete pi lwen pase sa?
12. Ki sa nèg la te gen nan men ni?
13. Sa ki rive leù li t-ap mache pou li tounen lakay li?
14. Sa li fè leù li tande bri-a?
15. Ki moun li wè dèyè li?

16. Bri-a rete leù li kontinue mache?
17. Tout tan l-ap mache-a ki sa li fè?
18. Sa ki rive leù li rete?
19. Sa li fè leù lapeù-a pran ni?
20. Leù li rive lakay li, ki sa madanm ni mande li?

21. Ou brav ou byen ou kapon?
22. Tankou ki bèt yo di yon moun kapon?
23. Ki moun ki te konn msye byen?
24. Pou ki sa?
25. Nou rete lwen ak isit?

26. Lè yon moun voye yon kou d-baton, ki sa li fè?
27. Pou ki sa msye-a te pete yon kous kouri?
28. Pou ki leù msye voye kou d-baton an li pa pran pèsonn?
29. Ki sa msye te reponn madanm ni?
30. Selon provèb la, ki leù larouze fè banda?

VI. VOCABULARY

| | |
|----------------------------|--|
| anfen, adv. | at last, finally |
| atò, adv. | then, so |
| banda, adj. | elegant, lofty, haughty |
